



Pou Piblikasyon Imedya: 16/07/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOLONGASYON AKSÈ ENÈJI RENOUVLAB POU PLIZYÈ MILYON NOUYÒKÈ

Pwogram renouvlab pataje bay nouvo opòtinite pou rezidan ak Biznis New York yo ka gen aksè a enèji pwòp epi a bon mache

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse apwobasyon yon nouvo inisyativ kominote dinamik kap pèmèt plizyè milyon Nouyòkè gen aksè a enèji pwòp epi a bon mache pou premye fwa. Pwopoze nan Ajanda Opòtinite 2015 Gouvènè Cuomo, Renouvlab Pajtaje bay opòtinite pou lokatè, pwopriyete, rezidan ki gen revni fèb yo, lekòl ak biznis yo regwoupe ansanm pou mete anplas pwojè enèji renouvlab ki bay kominote ki pi fò ak ansante.

“Inisyativ Renouvlab Pataje a pral ede moun ak kominote yo nan eta ekonomize lajan sou pwojè enèji pwòp yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pwogram sa a se osijè pou pwoteje anviwonman epi asire ke tout Nouyòkè yo, kèlkeswa kòd postal oswa revni yo, gen opòtinite pou aksede a enèji pwòp epi a bon mache. Ansanm, nou pral bati yon New York ki pi pwòp ak pi vèt.”

Resous renouvlab deja bay benefis ekonomik masif ak anviwonmantal nan eta, avèk kapasite solè ki te enstale a li te grandi de 300% ant 2011 ak 2014. Byenke, anpil Nouyòkè toujou pa ka patisipe paske yo lwe kay yo, yap viv nan bilding apatman, oswa posede pwopriyete ki pa adapte pou enstalasyon pano solè oswa lòt teknoloji enèji pwòp.

Daprè inisyativ Renouvlab Pataje (ki refere egalman tankou jenerasyon distribye), kliyan yo ka rejwenn ansanm pou pataje nan benefis solè lokal, van, ansanm avèk lòt pwojè enèji renouvlab. Pwodiksyon chak manm endividyèl ta parèt kòm kredi sou fakti sèvis piblik yo chak mwa. Premye faz nan Renouvlab pataje a pral santre sou pwomote patisipasyon kliyan ki gen revni fèb yo ak enstalasyon nan zòn rezo elektrik ki kapab benefisye plis nan pwodiksyon enèji lokal.

“Demokratize pwodiksyon enèji pèmèt moun ak kominote yo pran kontwòl avni enèji yo epi reyalize benefis anviwonmantal, sosyal ak ekonomik resous solè ak lòt enèji renouvlab yo,” te deklare Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans pou New York. “Kòm yon rezilta dirèk nan lidèchip Gouvènè Cuomo ak inisyativ pou Refòm Vizyon

Enèji, Eta New York ap yon fwa ankò alavangad sou règleman enèji pwogresif nan abilite plizyè milyon nan rezidan nou yo, lekòl ak biznis pou chwazi enèji renouvlab pou premye fwa.”

Inisyativ REv Gouvènè Cuomo a pran yon apwòch pwo-aktif pou reponn a difikilte sektè enèji a ap fè fas jodia nan bati yon kad règlemantè pou modènize endistri sèvis piblik la pou kreye pi gwo valè pou kliyan yo epi sipòte nouvo investisman nan enèji pwòp.

Komisyon Sèvis Piblik Audrey Zibelman te deklare, “Anba inisyativ REv Gouvènè Cuomo a, Renouvlab Pataje ap elaji aksè kliyan a elekrisite fyab, a bon mache ki jenere apati etablisman enèji renouvlab yo. Renouvlab Pataje mete kliyan yo ki pa posede yon kay sou menm pye egalite avèk kliyan tradisyonèl ki posede yonsèl kay epi kreye opòtinite pou fanmi ki gen revni fèb ak modere yo ki pa gen aksè a elekrisite ki jenere apati resous renouvlab yo.”

Pandan premye faz Renouvlab Pataje kòmanse 19 oktòb 2015 jiska 30 avril 2016, pwojè yo pral limite a sa yo ki avanse youn nan de objektif spesifik REv yo: enplantasyon jenerasyon distribye nan zòn yo kote li ka bay pi gwo benefis lokalizasyon nan griy la, oswa sipòte ekonomikman kominote ki defavorize yo nan asire omwen 20 pousan nan patisipan yo se kliyan ki gen revni fèb ak modere.

Apati 1ye Me 2016, yon dezyèm faz pwojè renouvlab ap disponib nan tout teritwa sèvis piblik yo.

Anplis, lòt prensip REv yo ka aplike, tankou aliye rekompans sèvis piblik pou sipòte plènman pwojè Renouvlab Pataje yo nan pèmèt ekonomi pataje oswa revni nan nouvo modèl biznis yo ki fasilite pwojè yo a ba pri. Anplis de chanjman sa yo, Komisyon Sèvis Piblik la pral imedyatman kòmanse yon kolaborasyon pou detèmine kijan pou kontinye ankouraje patisipasyon kliyan ki gen revni fèb yo nan kominote jenerasyon distribye pandan dezyèm faz la.

Kliyan yo ki enterese nan inisyativ Renouvlab Pataje a ka patisipe nan plizyè fason. Pa egzanp, rezidan yon kondò ka vle mete ansanm pou yon pwojè solè pataje. Yo pral bezwen jwenn yon “pwomotè” ki pral responsab pou òganize pwojè a nan non rezidan yo. Yon pwomotè kapab yon devlopè oswa menm rezidan yo nan bilding lan ki mete ansanm pou fòme yon antite legal tankou Kòporasyon responsabilite limite, oswa LLC. Pou aprann plis osijè kijan pou patisipe nan renouvlab pataje antanke kliyan, kominote, oswa pwomotè pwojè, tanpri vizite <http://www.ny-sun.ny.gov/Community-Solar> epi enskri pou resevwa asistans ak resous pou ede ou pran avantaj nan pwojè enèji pwòp lokal yo.

Enfòmasyon sou Refòm Vizyon Enèji a

Daprè strateji Refòm Vizyon Enèji Gouvènè a (REv), Eta New York ap stimile inovasyon enèji pwòp ak atire nouvo investisman pou bati yon sistèm enèji a bon mache, ki pi rezistan pou tout Nouyòkè yo. REv anglobe refòm règlemantè inovè pou

entegre enèji pwòp nan nwayo rezo enèji nou an, rekonsevwa pwogram ak strateji pou debloke kapital prive, ak lidèchip aktif nan deplwaye solisyon enèji inovè nan pwòp etablisman piblik ak operasyon Eta. REV a pral pèmèt yon fonksyonman ekonomi enèji pwòp ak dinamik sou yon echèl ki pral stimile opòtinite pou kominote yo nan eta pou kreye travay epi kondwi kwasans ekonomik lokal, pandan lap pwoteje anviwonman nou an pou redwi emisyon gaz greenhouse ansanm avèk lòt polyan yo.

Yo te deja lanse inisyativ ki gen siksè nan kad REV a enkli NY Sun, NY Green Bank, NY Prize, K-Solar, ak yon angajman pou amelyore enèji a bon mache pou kominote yo ki gen revni fèb.

Pou aprann plis sou REV, tanpri vizite www.ny.gov/REV4NY.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418